

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEYOGRAFI**

Mèkredi, 28 janvyè 2004 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan **Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan **Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.


Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 • Kisa pou pwodwi?
 - Kouman pou pwodwi?
 - Pou kiyès pou pwodwi?

Ki pwofesyonèl nan syans sosyal ki etidye kouman yon sosyete anpatikilye ta reponn kesyon sa yo?

 - (1) yon sosyològ
 - (2) yon ekonomis
 - (3) yon antwopològ
 - (4) yon jeyograf
- 2 Kouman topografi ak klima te afekte listwa ann Afrik?
 - (1) Komès esklav yo te bese nan Afrik delwès.
 - (2) Islam te pwopaje nan Afrik disid.
 - (3) Kolonizasyon Ewopeyen nan Afrik santral te retade.
 - (4) Komès te ogmante ant Afrik disid ak Afrik dinò.
- 3 Itali, Kore, Espay ak End sanble paske yo konsidere yo chak tankou
 - (1) yon achipèl
 - (2) yon prèskil
 - (3) yon peyi ki pa gen aksè ak lanmè
 - (4) yon peyi ki yon il
- 4 Ki trè karakteristik jeyografik ki te popilè nan devlopman sivilizasyon nan ansyen Ejip, Lachin, End ak Mezopotami?
 - (1) vale rivyè
 - (2) dezè
 - (3) forè twopikal
 - (4) montay
- 5 Dapre prensip Boudis yo, kwayan yo ka mete fen nan soufrans pèsònèl si yo
 - (1) fè bon zèv
 - (2) elimine dezi egoyis
 - (3) fè pelerinaj pou ale nan Mèk la
 - (4) konte sou èd Bondye
- 6 Krisyanis, Islam, ak Jidayis sanble paske yo tout mande fidèl yo pou yo
 - (1) kwè nan reyenkanasyon
 - (2) fè efò pou gen nivana
 - (3) mete yon seri konpòtman an pratik
 - (4) pratike politeyis
- 7 Chentoyis ak animis pataje yon kwayans nan enpòtans ki genyen nan
 - (1) reyenkanasyon
 - (2) espri ki nan lanati
 - (3) liv sen
 - (4) misyonè
- 8 Nan yon konparezon ki fèt sou ansyen gran vil Atèn ak Espat, Espat te mete plis enpòtans sou
 - (1) edikasyon
 - (2) sèvis militè
 - (3) lòd familyal
 - (4) dwa moun
- 9 Youn nan rezon ki fè Douz Tab yo ak Kòd Jistinyen an te sanble se paske toulede te bay
 - (1) yon sistèm lwa nòmralize
 - (2) yon mwayen pou reyalize egalite sosyal
 - (3) libète pou moun chèche pwòp relijyon pa yo
 - (4) dwa pou gen yon edikasyon piblik
- 10 Apre Anpi Women nan lwès la te fin tonbe nan men anvayisè Jèmanik yo nan 5yèm syèk A.D., finalman yo te vin rele pati ès anpi a
 - (1) Anpi Bizanten
 - (2) Anpi Katajenyen
 - (3) Anpi Islamik
 - (4) Anpi Pèsik

Baze repons ou pou kesyon 11 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Sue Ann Kime, et al., *World Studies: Global Issues & Assessments*, N & N Publishing, Inc. (adapte)

11 Ki konklizyon valab yon moun ka dedwi si li etidye kat jeyografik sa a?

- (1) Afriken te gen gouvènman santralize pandan epòk feyodalis Ewopeyen an.
- (2) Wayòm Afriken yo pat egziste anvan Ewopeyen yo te rive nan Afrik.
- (3) Sivilizasyon Afriken yo te egziste nan Afrik disid sèlman.
- (4) Sivilizasyon Afrik la te etabli anpil wout komèsyal pou ale nan End.

12 Epòk Periklès nan Atèn, Anpi Goupta nan End, ak dinasti Tang nan Lachin, tout te fè esperyans laj dò ak

- (1) pwogrès nan prensip gouvènman demokratik
- (2) kontribisyon eksepsyonèl nan travay atis ak nan syans
- (3) fen dominasyon etranje
- (4) espansyon fwontyè yo pi lwen toujou

13 Konsekans vwayaj Marco Polo yo se te

- (1) entwodiksyon poudakanon nan Lachin
- (2) gouvènman Mongòl la te tonbe nan Lachin
- (3) espansyon komès ant Lachin ak Ewòp
- (4) itilizasyon metòd ansèyman Konfisyen yo nan Ewòp

14 • Nan mwens pase 50 ane, li te pi gran anpi teritoryal inifye nan listwa.

- An 1279, li te premye gwoup etranje ki te gen kontwòl total nan Lachin.
- Li te rann wout karavàn toupatou nan Azi san danje pou komès ak vwayaj.
- Lè li te eseye konkeri Japon an 1274 ak 1281, tanpèt te detwi flòt li yo.

Ki anpi ki asosye pi plis ak deklarasyon sa yo?

- | | |
|------------|-------------|
| (1) Pèsik | (3) Otomann |
| (2) Goupta | (4) Mongòl |

15 Fòtin ak pouvwa lidè Mali a, Mansa Musa, a te enpòtan paske yo te kontribye nan

- (1) kòmansman Kwazad yo
- (2) pwopagasyon Islam
- (3) kwasans enperyalis Ewopeyen
- (4) pwogrès nasyonalis Arab

16 Yon efè enpòtan Refòm Pwotestan ann Ewòp la te pote se te ranfòsman


- (1) pouvwa monachi yo
- (2) pouvwa pap la
- (3) kwayans nan politeyis
- (4) inite nan Ewòp

17 Kouman Enka yo te fè adapte yo ak anviwonman fizik yo?

- (1) Yon bati yon seri gwo bato pèch byen gran pou bay popilasyon yo manje.
- (2) Yo bati pasrèl ki konekte wout yo toupatou nan And yo.
- (3) Yo te etabli kontra komèsyal enpòtan ak Ewòp.
- (4) Yo elve betay ak chwal nan panpa yo.

Baze repons ou pou kesyon 18 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Ewòp (1280–1500)



Sous: Henry Brun et al., *Reviewing Global History and Geography*, AMSCO (adapte)

18 Ki konklizyon yo ka dedwi nan enfòmasyon kat jeyografik sa a bay la?

- (1) Afrik se te asosye Ewòp ki te pi aktif nan komès.
- (2) Lig Anseyatik la te kontwòle komès sou Lanmè Nwa.
- (3) Azyatik yo ak Ewopeyen yo te fè komès prensipalman sou wout akwatik.
- (4) Yon gwo rezo wout komèsyal te konekte sant komèsyal yo nan Ewòp.

19 Nesosite pou posede pò dlo cho yo te gen anpil enfliyans sou politik etranje ki peyi?

- | | |
|-------------|-----------|
| (1) Angletè | (3) Frans |
| (2) Risi | (4) Ejip |

20 Astwolab la ak amelyorasyon ki fèt nan katografi yo te ede Ewopeyen yo

- (1) kòmanse Kwazad yo
- (2) venk Mongòl yo
- (3) mete Mò yo deyò
- (4) explore Emisfè de Lwès la

21 Objektif koloni yo se pou espedye matyè premyè bay pisans kolonyal la epi pou achte pwodwi ki fin fèt nan menm pisans kolonyal la.

Deklarasyon sa a demontre lide fondamantal ki sistèm ekonomik?

- | | |
|--------------|----------------|
| (1) sosyalis | (3) mèkantilis |
| (2) kominis | (4) kapitalis |

Baze repons ou pou kesyon 22 ak 23 sou sitasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

“ . . . Anfen, ann mete ansanm tout bagay sa yo ki tèlman gran epi ki tèlman enpozan [egzaltan] nou te di sou otorite wayal yo. Gade yon pèp enòm ini nan yon sèl moun; gade pisans sen, patènèl, ak absoli sa a; gade lakòz sekre ki gouvènèn tout òganizasyon leta a nèt, ki nan yon sèl tèt; ou wè imaj Bondye nan wa a, epi ou gen yon lide sou majeste wayal la. Bondye se sen li ye, se labonte menm, epi se pisans menm li ye. Nan bagay sa yo gen majeste Bondye. Nan imaj bagay sa yo gen majeste prens lan. . . . ”

—Evèk Jacques-Benigne Bossuet, 1679

22 Pasaj sa a sijere otorite pou gouvènèn an Frans nan 17yèm syèk la te baze sou

- (1) pouvwa popilè
- (2) konsantman palmantè
- (3) obligasyon feyodal
- (4) dwa diven

23 Nan pasaj sa a, pouvwa kiyès Bossuet tap dekri?

- (1) Charlemagne
- (2) Jàndak (*Joan of Ark*)
- (3) Louis XIV
- (4) Robespierre

24 Zèv Jean Jacques Rousseau, Baron de Montesquieu, ak John Locke te ekri yo te sanble paske yo chak te sipòte prensip

- (1) yon diktati militè
- (2) yon otokrasi
- (3) yon sosyete teyokratik
- (4) yon repiblik demokratik

25 Lesegrennen kapitalis yo bay Adam Smith kredi pou li a te mande pou

- (1) anpil taks sou manifakti yo
- (2) gouvènman mete yon kontwòl sevè sou ekonomi an
- (3) gouvènman gen yon patisipasyon tou piti nan ekonomi an
- (4) gouvènman investi nan gwo endistri yo

Baze repons ou pou kesyon 26 sou tablo ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Popilasyon kèk Vil Britanik 1801–1891

Vil	1801	1861	1891
Birmingham	74,000	296,000	523,000
Leeds	53,000	207,000	429,000
Liverpool	80,000	444,000	704,000
Manchester	90,000	339,000	645,000

Sous: B.R. Mitchell, *International Historical Statistics: Europe, 1750–1988*, Stockton Press, Twazyèm Edisyon (adapte)

26 Ki evennman ki lakòz chanjman nan popilasyon sa a nan Grann Bretay?

- (1) lapès bibonik la
- (2) emigrasyon nan Amerik yo
- (3) Revolisyon Endistriyèl la
- (4) rebelyon nan Ilann la

27 “. . . Men apre yon epòk rapò komèsyal [komès] ki dire lontan, te gen ni bon moun ni move moun ki te parèt nan foul mechan yo, an pwopòsyon ki pa egal. Se sa ki fè, gen sa ki fè opyòm pase nan kontrebann pou sedwi pèp Chinwa a epi konsa, yo vin koze pwopagasyon pwazon nan tout pwovens yo. Lwa paradi yo pa tolere moun sa yo ki enterese nan avantaj tèt pa yo sèlman, epi ki pa enterese nan mal yap fè lòt moun yo, epi lèzòm anjeneral rayi yo tout alawonnbadè. Sonnekselans Anperè a, te mande anraje lè li te tandè sa. Li te voye mwenmen espesyalman, kòm delege pa li, nan Kwangtung [Guangdong Province], epi ansanm ak gouvènè jeneral la epi gouvènè a tou pou nou mennen yon ankèt ansanm epi pou nou regle koze sa a. . . . ”


— “Letter of Advice to Queen Victoria”

Se Lin Zexu (Lin Tse-Hsü),
Delege Chinwa nan Kanton, 1839, ki voye li

Lèt sa a yo te voye bay Rèn Viktoria te gen rapò pi dirèkteman ak kòmansman

- (1) lagè sivil Chinwa
- (2) Lagè Sino-Japonè
- (3) Revolisyon Kominis
- (4) Lagè Opyòm yo

Baze repons ou pou kesyon 28 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Steven Goldberg ak Judith Clark DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice Hall (adapte)

- 28 Ant 1790 ak 1882, ki sitiyasyon ki te ede fè chanjman ki parèt sou kat jeyografik Amerik di Sid sa yo?
- (1) Aztèk yo te reprann kontwòl anpil zòn nan Amerik di Sid la.
 - (2) Sid Ameriken ki te gen dwa vote yo te retire dirijan Panyòl ak Pòtigè yo sou pouvwa a.
 - (3) Espay te voye konkistadò nan Amerik di Sid.
 - (4) Lide Syèk Limyè yo ak lide revolisyonè yo te pwopaje depi nan Ewòp ak Etazini jis nan Amerik di Sid.

- 29 Pafwa yo te sèvi ak Teyori Dawinis Sosyal la pou jistifye
- (1) etablisman gouvènman kominis yo ann Azi
 - (2) Revolisyon Amerik Latin nan kòmansman 19yèm syèk la
 - (3) mouvman endepandans lan nan End
 - (4) Enperyalis Ewopeyen nan fen 19yèm syèk la

- 30 Ogmantasyon komès etranjè nan Japon pandan Restorasyon Meiji a te gen rapò pi pwòch ak
- (1) nesesite li te genyen pou kenbe yon sosyete tradisyonèl
 - (2) anvi li te genyen pou yon sosyete modèn endistriyalize
 - (3) peyi de Lwès ki te kolonize li yo
 - (4) ankourajman li te bay pou envestisman etranje

- 31 Ki evennman ki te fèt *anvan* epi ki te lakòz twa lòt yo?
- (1) fachis te pran pye ann Ewòp
 - (2) Revolisyon Bòlchevik
 - (3) Premye Gè Mondyal
 - (4) yo te siyen Trete Vèsay la

- 32 Mouvman Ziyonis nan kòmansman 20yèm syèk la ki te mande etablisman yon patri Jwif la se te yon egzanp
- (1) enperyalis
 - (2) nasyonalis
 - (3) kapitalis
 - (4) izolasyonis

33 “. . . Rezistans pasif se yon mwayen pou garanti dwa pa mwayen soufrans pèsònèl, se lekòntre rezistans ak zam. Lè mwen refize fè yon bagay ki repiyan [chokan] pou pwòp konsyans mwen, mwen itilize fòs nanm mwen. Pa egzanzp, Gouvènman koulye a pase yon lwa ki aplikab a mwenmen. Mwen pa renmen li. Si mwen itilize vyolans pou mwen fòse Gouvènman an anile lwa a, mwen itilize sa yo ka rele fòs kòporèl. Si mwen pa obeyi lwa a epi mwen asepte sanksyon pou vyolasyon lwa a, mwen itilize fòs nanm. Sa vle di pwòp sakrifis tèt pa mwen”

Sous: M.K. Gandhi, *Indian Home Rule*, Navajivan Publishing

Deklarasyon sa a montre kwayans ki di moun

- (1) pa gen kontwòl sou evennman yo
- (2) ka enfliyanse evennman yo si yo swiv prensip moral yo
- (3) dwe itilize vyolans pou enfliyanse evennman yo
- (4) ka enfliyanse evennman yo si yo sèvi ak fòs militè

34 Ki sitiyaasyon ki yon egzanzp totalitaris ann Almay nan ane 1930 yo?

- (1) reyinyon souvan ak Reichstag Alman an
- (2) ekonomi Alman an te tonbe
- (3) kontwòl sevè gouvènman an te gen sou laprès
- (4) negosyasyon yon akò pou pa gen agresyon ak Inyon Sovyetik

35 Ant fen ane 1800 yo ak fen Dezyèm Gè Mondyal la, Japon te sèvi ak yon politik enperyalis prensipalman paske Japon

- (1) te admire pouvwa ekonomik Lachin nan
- (2) pat gen ase chabon, fè, ak lòt resous enpòtan yo
- (3) te vle inifye gouvènman Azi de Lès yo
- (4) te pè espansyon Almay Nazi a nan Pasifik la


36 Patisyon End lan ak divizyon Yougoslavi a te sanble paske toude te divize

- (1) kòm yon konsekans Konferans Bèlen an
- (2) poutèt diferans relijye oswa etnik
- (3) pou fòme Eta kominis ak Eta ki pa kominis
- (4) pou obsève prensip Nasyonzini yo

37 Yon similarite ki genyen nan istwa Almay ak Vyetnam yo se paske toude peyi yo

- (1) te divize a yon epòk men yo reyinye depi lè sa a
- (2) rete nonnalyen pandan epòk Lagè Fwad la
- (3) te chwazi yon fòm gouvènman demokratik pandan dènye ane ki pase yo
- (4) te gen peyi Ewopeyen ki te kolonize yo a yon epòk

Baze respons ou pou kesyon 38 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Jack Ohman, *The Oregonian*, 1995 (adapte)

38 Desen 1995 sa a sijere kominis

- (1) pat gen sipò nan Risi
- (2) toujou domine gouvènman Ris la
- (3) ka tounen si demokrasi pa fonksyonen nan Risi
- (4) se pi bon sistèm pou pèp Ris la

39 Ki sitiyaasyon ki te egziste sou politik apateyid la nan Afrik di Sid?


- (1) Yo te garanti tout pèp dwa pou yo vote.
- (2) Majorite nwa a te gen pifò pouvwa politik la.
- (3) Se minorite blan an ki te kontwole sosyete a.
- (4) Yo te elimine inegalite sosyal.

40 Pwoblèm inivèsèl ki genyen ak polisyon, lapli asid, ak dekonpozisyon nan kouch ozòn nan te montre gen yon nesosite pou

- (1) pi plis kolaborasyon entènasyonal
- (2) ibanizasyon ogmante
- (3) yon ekilib nan komès ant peyi yo
- (4) yon ogmantasyon nan esplorasyon nan lespas

Baze repons ou pou kesyon 41 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Seyans lan pral kòmanse koulye a



Sous: Daniel Fitzpatrick, *St. Louis Post-Dispatch* (adapte)

- 41 Desen sa a souleve kesyon sou si Nasyonzini ka
- (1) gouvènè ansyen zòn kolonyal yo
 - (2) bay èd pou moun ki nan bezwen
 - (3) separe kesyon politik ak kesyon ekonomik
 - (4) inifye fòs opoze yo ak ideyoloji diferan yo
-
- 42 Rezon ki fè Òganizasyon Peyi ki Espòte Petwòl yo (OPEP) enfluyansè lemonn anpil koulye a se paske li
- (1) jwenn lwayote kominote Islamik la toupatou nan lemonn
 - (2) devlope epi espòte teknoloji enpòtan
 - (3) kontwòle aksè nan wout komèsyal ant Lès ak Lwès
 - (4) dirije kantite lwil ki afekte ekonomi global la

- 43 Plizyè trè karakteristik jeyografik nan Balkan yo, menm pozisyon ladan tou, te ede gen
- (1) devlopman pasifik nan rejyon an
 - (2) devlopman demokrasi nan rejyon an
 - (3) divèsite kiltirèl nan rejyon an
 - (4) pi plis richès nan rejyon an

Baze repons ou pou kesyon 44 sou tablo ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Endikatè Demografik pou Lachin	2000	2025*
Nesans sou chak 1,000 moun	16.0	12.0
Lanmò sou chak 1,000 moun	7.0	8.0
To ogmantasyon natirèl (pousantaj)	0.9	0.3
Kantite tan yo atann pou moun viv (ane)	71.4	77.4
To fètilite total (pa fanm)	1.8	1.8

*pwojete

Sous: Biwo Resansman nan Etazini, Bank Done Entènasyonnal (adapte)

- 44 Dapre enfòmasyon tablo sa a bay la, ki konklizyon yo ka dedwi sou popilasyon Lachin nan ant 2000 ak 2025?
- (1) Yo atann yo pou to fètilite fanm Chinwa ogmante.
 - (2) Gen chans pou kantite tan yo atann pou yon Chinwa viv la diminye.
 - (3) Yo atann yo pou to kwasans popilasyon an diminye.
 - (4) Vè 2025, gen anpil chans pou to nesans nan Lachin double.
-
- 45 Kisa ki yon rezon prensipal ki fè gen diferans nan pwosperite ekonomik nan plizyè zòn nan lemonn koulye a?
- (1) distribisyon resous yo ki pa egal
 - (2) siksè mouvman nasyonalis yo
 - (3) inite relijyon ant peyi yo
 - (4) kantite peyi ki manm nan Nasyonzini
- 46 Kontwòl etan Bosporus ak Dardanelles se te yon objektif estratejik nan ni Premye Gè Mondyal ni Dezyèm Gè Mondyal paske de (2) etan sa yo
- (1) relye Afrik ak Ewòp
 - (2) pèmèt pasaj sou wout akwatik pou ale nan Almay
 - (3) separe Itali ak prèskil Balkan
 - (4) bay aksè depi nan Lanmè Nwa pou ale nan Lanmè Mediterane

47 Ki devlopman istorik ki te montre volonte yon gwoup pou li pran endepandans li nan men yon pisans kolonyal?

- (1) soulèvman Pati Nazi a nan Almay
- (2) Mouvmman Solidarite nan Polòy
- (3) soulèvman Tiananmen Square nan Lachin
- (4) Revòt Sepoy nan End

48 Ki deklarasyon ki dekri yon similarite ki genyen ant Revolisyon Franse a ak Revolisyon Bolshevik nan Larisi?

- (1) Lidè ki te nan pouvwa anvan revolisyon yo te favorize chanjman sistèm politik nan peyi yo.
- (2) Toude revolizyon yo te konsekans gouvènman an ki te refize dwa fondamantal moun ak presyon nan kondisyon ekonomik yo.
- (3) Radikal ki soti nan lòt peyi te bay pifò nan sipò revolisyonè a.
- (4) Nouvo demokrasi revolisyon yo te kreye yo te bay pèp la pi plis reprezantasyon nan pwòp gouvènman yo.

- 49
- Yo te devlope enprimri an blòk, poudakanon, ak abak.
 - Yo te pèfeksyone fabrikasyon pòslèn ak pentire ak lank nwa sou papyè swa.
 - Yo te envante bousòl epi yo te itilize li pou amelyore jan yo jwenn direksyon lè yap navige.

Yo asosye pwogrè sa yo ak

- (1) dinasti Tang ak Sung nan Lachin
- (2) Anpi Goupta nan End
- (3) sivilizasyon Gana ak Mali ann Afrik
- (4) Anpi Bizanten nan Mwayen Oryan

50 Yon similarite ki genyen ant plan senk an Stalin nan ak Gran Pa Annavan Mao Zedong lan se te paske toude pwogram yo te eseye

- (1) ogmante pwodiksyon endistriyèl
- (2) privatize posesyon tè
- (3) korije polisyon nan anvivonman
- (4) rann komès entènasyonal la pi fèm

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè wap devlope repons ou pou Dezyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) esplike vle di “fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive”
- (b) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman [Moun ki chanje listwa]

Kwayans ak akonplisman kèk moun te pote chanjman nan istwa global. Kwayans ak reyalizasyon sa yo gen konsekans pozitif ak negatif sou sosyete a.

Objektif travay la:

Idantifye **de** (2) moun ki chanje istwa global epi pou **chak**:

- Esplike **yon** kwayans oswa yon akonplisman moun sa a
- Pale de konsekans pozitif **ak/oswa** negatif kwayans oswa akonplisman moun nan

Ou ka pran nenpòt moun nan etid ou fè sou istwa global la **esepte Nicholas Copernicus, Msye Isaac Newton, ak Norman Borlaug**. Moun ou idantifye yo fèt pou jwe yon wòl prensipal nan fòmasyon istwa global la epi **li pa fèt pou li soti nan Etazini**. Kèk nan moun ou ka konsidere yo se Hammurabi, Confucius, Aristotle, Alexander the Great, Muhammad, Johannes Gutenberg, Queen Isabella, Leonardo da Vinci, John Locke, Catherine the Great, Simón Bolívar, oswa Nelson Mandela.

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay la*
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Ekri yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki depase yon senp repetisyon *Tèm nan*

Lè wap devlope repons ou pou Twazyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) esplike vle di “fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-9). Kesyon an la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon an. Lè wap analize dokiman yo, konsidere sous kote chak dokiman soti a ak ki pwennvi ki parèt lan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Mo *revolisyon* an vle di chanjman ki gen yon enpak enpòtan nan listwa. Byenke leplisouvan yo sèvi ak mo sa a pou dekri revolisyon politik, li ka dekri chanjman sosyal, entelekyèl, ak/oswa ekonomik, tankou Revolisyon Neyolitik, Syantifik ak Revolisyon Vèt yo tou.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Pale de **de** (2) nan revolisyon sa yo: Revolisyon Neyolitik la, Revolisyon Syantifik la ak Revolisyon Vèt la
- Esplike chanjman sosyal, entelekyèl **ak/oswa** ekonomik enpòtan ki se yon konsekans **chak** nan **de** (2) revolisyon yo

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

Anvan Revolisyon Neyolitik la

. . . Moun siviv eprèw fewòs Laj Glas yo paske lespri yo te fleksib ase pou rekonèt envansyon yo epi pou fè yo tounen byen kominotè. Genlè Laj Glas yo te pote yon chanjman pwofon nan jan moun te ka viv. Yo te fòse yo depann mwens de plant yo epi plis de bèt yo. Difikilte ki te genyen pou fè lachas sou kote glas la te chanje estrateji ki te genyen pou lachas la tou. Li te vin mwen enteresan pou moun ap plede swiv bèt ki poukont yo, menm si yo gwo. Pi bon altènativ ki te genyen se te pou swiv twoupo bèt yo epi pou pa pèdi yo — pou aprann prevwa sak pral pase epi alafen adopte abitud yo, epi menm adopte abitud yo genyen pou yo vwayaje al lòt kote. Se yon adaptasyon ki dwòl — mòddevi trans-imen [nomad] kap demenaje, ak tout deplasman yo. Li gen kèk nan premye kalite lachas yo paske se yon pouswit li ye; se bèt ki pral sèvi kòm manje a ki detèminen kote a ak vitès la. Epi li gen kèk nan dènye kalite elvaj yo paske li okipe bèt la, jan li te ye a, epi li sere bèt la tankou yon rezèvwa mobil pou manje

Sous: Jacob Bronowski, *The Ascent of Man*, Little, Brown and Company

1 Dapre dokiman sa a, idantifye **de** (2) trè karakteristik lavi anvan Revolisyon Neyolitik la. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 2

. . . Revolisyon Neyolitik la te chanje jan pèp la viv tou. Olye te gen kominote ki fè lachas pasipala, kiltivatè yo te viv nan vilaj yo. Te gen ti vil ki te vin fèt tou pre gwoup vilaj yo, epi pi ta ankò te vin gen gran vil yo. Kifè, Revolisyon Neyolitik la rann sivilizasyon limenm posib. (Ansyen Pwòch Oryan)

Nan vilaj yo, ti vil yo ak gran vil yo, li te posib pou moun te espesyalize nan kalite travay yo te ka fè pi byen an. Anpil te sispann pwodwi manje nèt, olye sa yo te fè zouti ak lòt machandiz kiltivatè yo te bezwen, epi ann echanj, yo te ba yo manje. Pwosesis echanj sa a te fè vin gen komès ak komèsan, epi kwasans komèsyal la vin rann li posib pou moun espesyalize pi plis toujou. . . .

Sous: D.M. Knox, *The Neolithic Revolution*, Greenhaven Press

- 2 Dapre dokiman sa a, di **yon** enpak Revolisyon Neyolitik la te genyen sou jan moun te konn viv. [1]

Nòt

Dokiman 3

Pasaj sa a fè rezime konstatayon plizyè akeyològ nan ane 1950 yo ak nan ane 1960 yo.

. . . Premye prèv akeyòlojik sou domestikasyon sereyal, epi kèk nan premye premye prèv sou domestikasyon bèt soti nan yon gran zòn ki soti depi nan Grès ak nan Krèt a lwès pou rive jis nan pye mòn Hindu Kush nan zòn sid Kaspyen an a lès. La, yo jwenn plant sovaj epi se apati de plant sovaj sa yo, yo te domestike ble ak òj, epi se nan zòn sa a sèlman yo te jwenn jenitè [zansèt] sovaj mouton, kabrit, betay ak kochon ansanm, paske de (2) dènye sa yo te gen yon pi gwo distribisyon pase mouton ak kabrit sovaj yo. Vè dizyèm milènè B.C., pèp ki te konte sou lachas ak rasanbleman yo te rekòlte òj sovaj ak ble sovaj ak kouto, yo te moulen grenn epi yo te sèvi ak pwè kòm depo. Vè sizyèm milènè a, gen prèv sou kominote nan vilaj yo ki te kiltive ble ak òj, epi ki te elve mouton ak kabrit, nan Grès ak nan Krèt nan zòn wès la, nan sid Tiki, gwo tè Galileyen yo nan litoral ès la [rejyon kotyè] Mediterane a, nan montay Zagros yo nan Iran ak Irak, plato enteryè Iran yo, epi nan pye mòn nan zòn sidès Kaspyen yo. Pita, kantite plant domestik yo te kiltive yo te ogmante, yo te menm kiltive len pou lwil ki gen ladan li olye pou fib, yo te kiltive pwa, lantil ak vèsk [plant yo itilize pou manje]. Vè katyèm milènè a, yo te domestike oliv, plant ranpant ak fig, rekòt ki te fè yo pi distenge agrikilti Mediteraneyen tradisyonèl la, nan zòn ès nan Mediterane a. Yo kwè betay ak kochon te domestike apre mouton ak kabrit. Yo te sèvi ak betay pou rale ak pote chaj epi pou vyann, epi pat gen prèv sou kouman yo tire lèt nan Sidwès nan Azi anvan fen katyèm milènè a. . . .

Sous: D.B. Grigg, *The Agricultural Systems of the World*, Cambridge University Press

3 Dapre dokiman sa a, di **de** (2) chanjman ki fèt nan agrikilti pandan Revolisyon Neyolitik la. [2]

(1) _____

Nòt

(2) _____

Nòt

Dokiman 4

. . . Tikras pa tikras, syantis te vin ap kesyone deplizanpli sa ansyen yo [sivilizasyon anvan yo] te aprann yo. Yo te vin devlope nouvo metòd ki pi bon pou chèche konnen kouman bagay yo te fonksyonnen. Konesans matematik te ogmante epi li te ede yo rezone. Yo te kòmanse reflechi sou esperyans yo ka fè pou tcheke lide pa yo nan yon jan ki metodik. Revolisyon syantifik la te kòmanse.

Yo te bezwen anpil moun pou reyalize sa. Moun sa yo te soti tout kote nan Ewòp. Yo te ekri liv pou esplike lide yo. Laprès ekri te rann li posib pou yo pwodwi dèmilye kopi ki te jwenn wout yo tou patou nan Ewòp. Syantis yo te ka aprann youn nan men lòt epi youn te ka bay lòt nouvo lide. Kifè, Revolisyon Syantifik la se pat travay ni Angle, ni Franse, ni Italyen poukont yo. Se te travay Ewopeyen. Epi, menm jan nou wè a; menm yomenm, yo pat fè tout poukont yo. Chinwa, Endou, Pès, ak Arab, yo tout te bay yon bagay anvan yo te reyalize li. Koulye a, se pa yon bagay ki difisil pou konprann paske gason ak fanm toupatou nan lemond ajoute plis bagay toujou sou konesans syantifik la epi youn ede lòt. . . .

Sous: Peter Amey, *Scientific Revolution*, Greenhaven Press

4 Dapre dokiman sa a, di *de* (2) chanjman ki se konsekans Revolisyon Syantifik la. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 5

. . . Ipotèz

1. Pa gen yon sèl sant pou tout sèk selès [diven] yo oswa esfè [planèt] yo.
2. Sant latè a se pa sant inivè a, men se sèlman sant gravite ak sant esfè linè a.
3. Tout esfè [planèt] yo vire toutotou solèy la kòm pwen milye yo, kifè solèy la se sant inivè a. . . .

— Nicholas Copernicus, *The Commentariolus*, (1510)
Sous: Edward Rosen, *Three Copernican Treatises*, Columbia University Press

5 Di **yon** kwayans syantifik Copernicus ki dekri nan pasaj sa a. [1]

Nòt

Dokiman 6


. . . Menm jan yo fè nan matematik la, yo dwe fè menm jan an nan filozofi natirèl. Envestigasyon bagay difisil pa mwayen analiz [metòd syantifik] dwe toujou fèt anvan metòd konpozisyon. Analiz sa a baze sou fè esperyans ak obsèvasyon, epi sou dedwi konklizyon jeneral nan esperyans ak obsèvasyon sa yo pa mwayen endiksyon [rezonman], epi pou pa admèt okenn objeksyon kont konklizyon yo, men yo fèt pou dedwi konklizyon sa yo nan esperyans, oswa lòt verite ki sèten. Paske yo pa fèt pou konsidere ipotèz [teyori] nan filozofi esperimantal. Epi byenke rezonman ki baze sou esperyans ak obsèvasyon pa endiksyon pa demontre konklizyon jeneral yo, men se pi bon jan lanati dè choz admèt pou rezonman, epi yo ka konsidere li tankou se limenm ki plis fòs toujou tou depann de jiska ki pwen endiksyon an se yon endiksyon ki pi jeneral. Epi si pa gen okenn esepasyon ki fèt nan fenomèn [verite] lan, anjeneral yo ka pwononse konklizyon an. Men si a nenpòt moman apre sa nenpòt esepasyon ta fèt nan esperyans yo, lè sa a yo ka kòmanse pwononse li ak esepasyon sa yo jan yo te fèt la. Nan jan pou fè analiz sa a, nou ka kontinye depi nan konbinezon pou ale nan engredyan, epi depi nan mosyon pou ale nan fòs kap pwodwi yo, epi anjeneral, depi nan efè yo pou ale nan kòz yo, epi depi nan kòz patikilye pou ale nan kòz ki pi jeneral yo, jiskaske rezonman an fini nan sa ki pi jeneral la. Se metòd pou fè analiz [metòd syantifik]: epi sentèz [konbinezon pati yo] la baze sou admèt kòz yo dekouvri yo, epi etabli yo kòm prensip, epi avèk yo esplike fenomèn ki soti nan yomenm nan epi pwouve esplikasyon yo

Sous: Sir Isaac Newton, *Opticks*, 1718

6 Dapre dokiman sa a, poukisa metòd syantifik la enpòtan? [1]

Nòt

Dokiman 7



Sous: Library of Congress, Divizyon Rechèch Federal
(adapte)

7 Dapre dokiman sa a, di *yon* jan Revolisyon Vèt la te afekte End. [1]

Nòt

Dokiman 8

Revolisyon Vèt la

. . . [Norman] Borlaug se yon moun ki gen katrevendèzan (82) an epi ki elve plant pandan pifò tan li pandan senk dènye dekad ki pase yo epi ki viv nan peyi kap devlope, ki anseye teknik pou agrikilti bay anpil rannman. Li resevwa Nobèl la [Pri pou Lapè] an 1970, prensipalman pou travay li te fè pou li ranvèse rate manje ki tap ante End ak Pakistan nan ane 1960 yo. Petèt pi plis pase tout lòt moun, Borlaug responsab pou espansyon pwodiksyon manje global la ki te fèt pi rapidman pase espansyon popilasyon imen an pandan tout epòk apre lagè a, esepite nan Afrik Sou-Saara a, paske li te anpeche grangou an mas yo te predi ki ta pral fèt toupatou a te fèt—pa egzanp, nan liv ki te gen anpil siksè an 1967 la, *Grangou—1975! (Famine—1975!)* kalite agrikilti Borlaug preche a te ka anpeche demilyon lanmò. . . .

Fondasyon Fòd ak Wòkfelè (*The Ford and Rockefeller Foundations*) epi Bank Mondyal (*the World Bank*), ki te sipòte travay li a yon fwa, tou dènyeman te vire do bay Borlaug. Enstitisyon ki te konn bay lajan yo te koupe sipò yo te konn bay pou Sant Entènasyonèl pou Mayi ak Ble (*International Maize and Wheat Center*) — ki nan Meksik epi tout moun konnen sou non abrevyasyon Panyòl la CIMMYT—kote Borlaug te ede devlope ti ble piti ki bay anpil rannman, ki pa gen gran kantite pestisid ladan, epi yon bon pòsyon nan popilasyon mondyal la konte sou li pou sibzistans [manje]. Epi byenke petèt akonplisman Borlaug yo ka se pi gwo akonplisman Ford oswa Rockefeller te janm finanse, toude fondasyon yo te retire tèt yo nan dènye efò Borlaug te fè pandan lavi long li a: li te eseye pote agrikilti ki bay anpil rannman ann Afrik. . . .

Pou Borlaug, diskisyon pou rekòt sereyal ki bay anpil rannman an, angrè inòganik yo, ak irigasyon te vin tounen agiman yo pa ka kesyone paske popilasyon mondyal la te kòmanse demare apre Dezyèm Gè Mondyal la. Men anpil gouvènman nan peyi kap devlope yo te sispèk, an pati pou rezon tradisyonèl (lè sa a, ble te yon sibstans etranje nan End) epi an pati poutèt kontak ant espè teknik nan Lwès yo ak kiltivatè peyizan yo te ka trakase kilti feyodal yo epi li ka rann klas elit la malalèz. Antretan, gen kòmantatè ki tap sijere li pa ta bon pou ogmante kantite manje ki gen nan lemonn kap devlope a: pito yo kite lanati fè move travay pou frennen popilasyon imen an

Sous: Greg Easterbrook, "Forgotten Benefactor of Humanity," *Atlantic Monthly*, janvyè 1997

8a Dapre dokiman sa a, di **yon** devlopman ki te kòmanse depi Dezyèm Gè Modyal la ki te mennen Revolisyon Vèt la. [1]

Nòt

b Dapre dokiman sa a, idantifye **yon** konsekans Revolisyon Vèt la te genyen sou pwodiksyon manje. [1]

Nòt

Dokiman 9

. . . Yo poko fin konnen kiyès ladan yo ki pi plis—si se siksè agrikilti modèn ak gwo entansite a, oswa defo li yo. Siksè sa yo se siksè imans. Gras a revolisyon vèt la, agrikilti ranpli kondisyon ki genyen pou kantite manje yo bezwen pou pifò popilasyon mondyal la menm pandan popilasyon an te double a pandan kat dènye dekad ki pase yo. Men, te toujou gen yon pri pou peye, epi nan pri sa a gen kontaminasyon dlo souteren yo, degajman gaz nan serikilti yo, pèt divèsite jenetik rekòt yo ak etwofizasyon [polisyon] rivyè yo, kouran dlo yo, lak yo ak ekosistèm maritim kotyè yo (kontaminasyon ak nitriyan òganik ak inòganik ki lakòz degajman oksijèn, pwopagasyon espès toksik yo epi chanjman nan konpozisyon sistèm manje akwatik yo). Yo poko fin konnen si yo ka sipòte agrikilti nan gwo entansite a poutèt teren yo ki pèdi fètilite yo, ewozyon teren an, ogmantasyon nan kantite fwa rekòt yo ak bèt yo malad yo, epi kontribisyon anpil enèji ak pwodwi chimik ki asosye avèk li yo. Yap chèche prensip ki ka bay rannman ki dirab, epi yo ta prefere pou rannman sa yo konparab ak rannman agrikilti nan gwo entansite sa yo, men pou yo pa koute anviwonman twòp. . . .

Sous: David Tilman, "The Greening of the Green Revolution," *Nature*, novanm 1998

9 Dapre David Tilman, ki *de* (2) konsekans Revolisyon Vèt la te pote? [2]

(1) _____

Nòt

(2) _____

Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Mo *revolisyon* an vle di chanjman ki gen yon enpak enpòtan nan listwa. Byenke leplisouvan yo sèvi ak mo sa a pou dekri revolisyon politik, li ka dekri chanjman sosyal, entelektyèl, ak/oswa ekonomik, tankou Revolisyon Neyolitik, Syantifik ak Revolisyon Vèt yo tou.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou:

- Pale de **de** (2) nan revolisyon sa yo: Revolisyon Neyolitik la, Revolisyon Syantifik la ak Revolisyon Vèt la
- Esplike chanjman sosyal, entelektyèl **ak/oswa** ekonomik enpòtan ki se yon konsekans **chak** nan **de** (2) revolisyon yo

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè *Objektif Travay la*; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **kat** dokiman
- Enkòpore enfòmasyon ki soti nan dokiman yo
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Ekri yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki depase yon senp repetisyon sou *Kontèks Istorik* la

Koupe fèy papye sa a la a

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Premye Pati

Mèkredi, 28 janvyè, 2004 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la G/F: Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26.....
2..... 27.....
3..... 28.....
4..... 29.....
5..... 30.....
6..... 31.....
7..... 32.....
8..... 33.....
9..... 34.....
10..... 35.....
11..... 36.....
12..... 37.....
13..... 38.....
14..... 39.....
15..... 40.....
16..... 41.....
17..... 42.....
18..... 43.....
19..... 44.....
20..... 45.....
21..... 46.....
22..... 47.....
23..... 48.....
24..... 49.....
25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score []

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score []

Final Score (obtained from conversion chart) []

No. Right []

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a

